

Jen 2026

Chè fanmi Lekòl Leta Vil Nouyòk,

Pandan n ap klotire ane lekòl 2025-2026 la epi selebre tout sa elèv, fanmi ak manm estaf nou yo te akonpli ansanm, mwen vle remèsye ou—pou kolaborasyon w, onètete w ak angajman w. Sa banm anpil onè pou m sèvi kòm chanselye w, epi nou aprann mwen anpil bagay dènye mwa sa yo.

Depi m te kòmanse nan wòl sa a an janvye a, tande kominote w la te youn nan pi gwo priyorite m. Pandan 10 konvèsasyon kominotè anpwofondè atravè senk borough yo ak vizit nan lekòl atravè tout 45 distri sipèntandan yo, mwen te wè anpil fyète fanmi, elèv ak manm estaf genyen pou kominote lekòl yo. Mwen te tande tou bonjon pèspektiv sou sa k ap byen mache ak ki kote nou ka kontinye amelyore. Nou te diskite enpòtans pou asire sekirite ak apatenans elèv, kenbe yon pwogram akademik ki solid ak enteresan, fè bon entegrasyon nan sistèm nou an ak apwofondi angajman fanmi.

Opinyon sa yo—opinyon pa w—ap trase chemen avni an pou nou. Mwen fyè pou m pataje avèk ou **Rapò sou pakou angajman** nou an (schools.nyc.gov/ChancellorEngagementTour), ki gen sa kominote nou yo fè nou konnen ak kòman n ap itilize enfòmasyon sa yo pou planifye pwochen etap pou NYCPS. Nou deja kòmanse mete sa nou te tande yo an pratik: nou lanse pwogram 2-K, elaji pwogram 3-K, devlope NYC Reads ak NYC Solves, kreye gwoup travay distri pou rann lekòl nou yo pi solid, ak plis ankò.

Mèsi dèske ou chwazi NYCPS ak pou konfyans ou mete nan nou chak jou. Mwen espere ete sa a pote tan pou fanmi ou repoze, reflechi, rechaje, selebre, epi kontinye aprann. Mwen pa ka tann pou kontinye travay nou nan ane lekòl k ap vini an, menm jan nou te fè sa ane sa a—ansanm. Nan kolaborasyon,



Kamar H. Samuels
Chanselye